



LOJMAN EKITAB NAN KONTEKS PANDEMI AKTYÈL COVID-19 LA

Connecticut Fair Housing Center (Sant lojman ekitab Connecticut) ap resevwa apèl nan men sitwayen ak founisè sèvis sosyal pou mande si lalwa konsènan lojman ekitab yo rete anvigè pou moun ki te gen dwa enfekte avèk Covid-19 (yon lòt non pou maladi sa a se kowonaviris) oubyen pou moun ki gen lòt enfeksyon.

Wi, lalwa konsènan lojman ekitab yo kapab pwoteje moun ki enfekte ak Covid-19 ak moun ki gen yon enfeksyon sispèk men ki pa konfime.

LOJMAN EKITAB, DISKRIMINASYON SOU BAZ ORIJIN NASYONAL, AK COVID-19

Lalwa etatik ak federal konsènan lojman ekitab yo entèdi diskriminasyon sou baz orijin nasyonal. Sa vle di :

- Li entèdi pou yo refize ba w kay oswa yon lojman poutèt ou sòti nan youn nan peyi ki pi afekte anba Covid-19 la oubyen yo panse w sòti nan youn nan peyi sa yo.
- Li entèdi pou yo tabli yon lòt kondisyon pou w parapò ak tout lòt moun poutèt ou sòti nan youn nan peyi ki pi afekte anba Covid-19 la oubyen yo panse w sòti nan youn nan peyi sa yo.
- Li entèdi pou yon mèt kay voye w yon Avi pou kite kay la oswa pou l eseye mete w deyò poutèt ou sòti nan youn nan peyi ki pi afekte anba Covid-19 la oubyen yo panse w sòti nan youn nan peyi sa yo.

KONTAKTE SANT LOJMAN EKITAB CONNECTICUT LA

Telefòn : 860-247-4400
Nimewo gratis : 888-247-4401
Imel : info@ctfairhousing.org



LÒJMAN EKITAB, ANDIKAP AK COVID-19

Lalwa etatik ak federal konsènan lòjman ekitab yo entèdi diskriminasyon sou baz andikap. Si w enfekte ak Covid-19 la, ou kalifye kòm yon moun ki gen andikap selon lalwa etatik ak federal konsènan lòjman ekitab yo, epi sa gen dwa pwoteje w kont diskriminasyon.

- Si w pa gen Covid-19 la men yon mèt kay oswa yon founisè lòjman refize w yon kay oubyen yon lòjman paske yo *panse* w gen viris la, sa ilegal epi w dwe rele Sant lan.
- Si w pa gen Covid-19 la men yon mèt kay oswa yon founisè lòjman mete w anba karantèn oswa li egzije w swiv yon seri lòt prensip diferan paske yo *panse* w gen viris la, sa ilegal epi w dwe rele Sant lan.

Si w dyagnostike ak Covid-19 la epi yo refize w yon kay oswa yon lòjman, oubyen yo fè w swiv yon seri lòt prensip ki diferan ak prensip nòmal yo, ou dwe kontakte Sant lan pou nou kapab diskite sa avèk ou epi esplike w kòman lalwa konsènan lòjman ekitab yo ka ede w nan sityasyon w lan.

KONTAKTE SANT LOJMAN EKITAB CONNECTICUT LA

Telefòn : 860-247-4400
Nimewo gratis : 888-247-4401
Imel : info@ctfairhousing.org